

Gid Fanmi 2014-15:

Apèsi sou Kalite Lekòl *School Quality Snapshot*

Gid fanmi sa a eksplike apèsi sou kalite lekòl, lè yo itilize egzanzp lekòl ak done ki pa soti nan yon lekòl reyèl. Pou w ka jwenn Rezime sou Kalite lekòl (School Quality Snapshot) pou lekòl ou vle jwenn plis enfòmasyon sou li a, ale sou <http://schools.nyc.gov/Accountability/default>.



Framework for Great Schools (Ankadreman pou Bon jan Lekòl)

Ankadreman pou Bonjan Lekòl la òganize lekòl leta Vil Nouyòk otou objektif prensipal Siksè elèv—ede elèv atenn pwochen etap la epi reyisi. Alantou objektif prensipal sa a gen twa eleman sipò: oryantasyon pedagojik, endepandans pwofesè, ak aprantisaj ki santre sou elèv. Andeyò

salklas la, sipò ki nesèsè se lidèchip lekòl ki efikas ak kolaborasyon solid ant paran ak kominote a, epi eleman ki lye tout sipò sa yo ansanm se konfyans. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou <http://schools.nyc.gov/AboutUs/schools/framework/default.htm>

Premye seksyon Apèsi sou Kalite Lekòl la montre ki klasman lekòl la nan chak nan sis domèn ki gen plis chans pou amelyore aprantisaj elèv dapre rechèch ki fèt, ak ki klasman lekòl la dapre rezilta siksè elèv li yo an jeneral:

- **Rigorous Instruction (Enstriksyon solid):** Kourikoulòm ak enstriksyon la pou angaje elèv, ankouraje abilite panse kritik, epi yo mache avèk *Common Core* la.
- **Collaborative Teachers (Pwofesè k ap kolabre):** Pwofesè patisipe nan opòtinite pou fòme tèt yo, grandi, ak kontribye nan amelyorasyon san rete kominote lekòl la.
- **Supportive Environment (Anviwònman favorab):** Lekòl la etabli yon kilti kote elèv santi yo an sekirite, kote yo pouse yo pou devlope, ak ede yo satisfè gwo atant yo gen sou yo.
- **Effective School Leadership (Lidèchip lekòl ki efikas):** Lidèchip lekòl la ba kominote lekòl la enspirasyon avèk yon vizyon pedagojik klè epi aplike lidèchip yon fason efikas pou reyalize vizyon sa a.
- **Strong Family-Community Ties (Lyen solid ant fanmi ak kominote):** Lekòl la fòme patnèchip ki efikas avèk fanmi ak òganizasyon andeyò sistèm lekòl la pou amelyore lekòl.
- **Trust (Konfyans):** Relasyon ant administratè, edikatè, elèv ak fanmi baze sou konfyans ak respè.
- **Student Achievement (Reyalizasyon elèv):** Rezilta egzamen eta lekòl la, ladan devlopman ak pefòmans elèv, kòman elèv travay nan matyè debaz yo, ak nan ki nivo elèv prepare pou lekòl presegondè.



Enfòmasyon jeneral(General Information)

Seksyon sa a gen enfòmasyon sou kominote lekòl la, ladan:


- **Klas yo sèvi (Grades served)** se tout nivo klas ki gen elèv ladan yo nan lekòl sa a pou 2014-15 (PK se Pre-Kindergarten; K se Kindergarten; SE se edikasyon espesyal).
- **Espaj yo pataje(Shared Space)** vle di ke lekòl la pataje bilding li avèk yonn oswa plizyè lekòl. Chak lekòl gen pwòp salklas ak koulwa li pou itilize kòm pwòp espas li, epi kèk fwa lekòl yo pataje espas tankou sal gym ak bibliyotèk.
- **Metòd admisyon(Admissions methods)**se mwayen lekòl itilize pou konsidere ak admèt aplikan... Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan <http://schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment/default.htm>
- **Elèv k ap aprann lang anglè(English Language Learners, ELL)** se elèv ki pale yon lòt lang ki pa anglè lakay yo, ki te pran yon premye egzamen anglè lè yo t ap fèk antre nan sistèm lekòl Vil Nouyòk la, epi

ke yo te idantifye kòm elèv ki bezwen èd anplis pou yo ka gen aksè nan yon edikasyon ekselan. Gen plis enfòmasyon tankou lis pwogram ELL nan Vil la nan

<http://schools.nyc.gov/Academics/ELL/default.htm>

- **Students with Special Needs (Elèv ki gen bezwen espesyal)** se elèv ki resevwa sèvis Edikasyon espesyal apwopriye pou bezwen sèl yo menm genyen atravè Pwogram edikasyon endividyèl *Individualized Education Programs* (IEP). Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan <http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/default.htm>
- **Years of Principal Experience at this School (Ane eksperyans Direktè nan lekòl sa a)** se kantite ane direktè ki nan tèt seksyon sa a epi ki te direktè nan dat 1ye jiyè 2015—ki se direktè nan lekòl sa a. Li pa gen ane eksperyans nan lòt lekòl, ni ane nan lekòl sa a lè li pa t direktè.
- **% of teachers with 3 or more years of experience (% pwofesè ki gen 3 lane eksperyans pou pi piti)** se kantite total pwofesè ki gen pou pi piti 3 ane eksperyans depi y ap anseye nan 31 oktòb 2014, divize pa kantite total pwofesè ki nan lekòl la nan tan sa a.
- **Student Attendance (Prezans elèv)** se total jou tout elèv ale lekòl, divize avèk total jou depi elèv sa yo nan lekòl la.
- **Students Chronically Absent (Elèv ki toujou ap absan)** se pousantaj elèv nan lekòl sa a ki pèdi omwen yon jou sou 10 jou lekòl.
- **Teacher Attendance (Prezans pwofesè)** se kantite tan ke tout pwofesè nan lekòl la prezan oswa nan konje ki apwouve oswa lòt absans ki motive. Absans pou maladi oswa jou pèsònèl pa konte kòm absans ki gen ekskiz. Si yon pwofesè malad anpil, kèk fwa yo pran konje maladi, ki konte kòm yon absans ki gen ekskiz, men si yo itilize jou maladi pito, sa pa konte kòm yon ekskiz, epi sa ap bese to prezans pwofesè nan lekòl yo a.

- **Average SAT (Mwayèn SAT) (elèv segondè sèlman)** Se total tout nòt egzamen SAT yo repòte pou lekòl sa a, divize avèk kantite total elèv ki te pran egzamen SAT a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou SAT a, ale sou <http://sat.collegeboard.org/about-tests>
- **PSAL Sports (Espò PSAL) elèv segondè sèlman** Se ekip espò lekòl sa a ki patisipe nan konpetisyon Lig atletik lekòl leta *Public Schools Athletic League* (PSAL), yon pwogram pou tout vil la kote lekòl fè konpetisyon avèk lòt lekòl atravè tout Vil Nouyòk. Kontakte lekòl la pou w jwenn plis ransèyman.




Student Achievement (Seksyon Reyalizasyon elèv) (Paj 2)

Paj sa a montre kòman lekòl la te travay pou prepare elèv yo pou pwochen nivo a. Pou lekòl primè ak presegondè (Klas PK–8yèm ane), yo mezire pwogrè dapre nòt egzamen eta a ak nòt pasaj nan matematik, anglè, syans sosyal ak syans. Pou lekòl segondè, yo mezire pwogrè dapre pwogrè ki fèt nan gradyasyon, resit nan egzamen Regents ak ak nan kraze defi kolèj ak kou preparasyon pou karyè. Paj sa montre tou ki lekòl oswa kolèj ak opsyon karyè elèv yo chwazi apre yo fin kite lekòl la (sèlman pou lekòl ki pibliye enfòmasyon sa a).

Lekòl Primè ak Lekòl Presegondè

- **Growth on State Tests (Pwogrè nan egzamen ofisyèl yo)** montre kòman elèv nan lekòl sa a amelyore pandan ane lekòl la, an konparezon avèk lòt elèv ki te kòmanse nan menm pwèn avèk yo (dapre nòt yo fè nan egzamen eta yo an 2013-2014). Yon ran ki wo vle di ke elèv nan lekòl sa a fè pi gwo amelyorasyon pase lòt elèv atravè Vil la.
- **School's Lowest Performing Students) (Elèv ki pi mal travay nan lekòl la)** se elèv ki te kòmanse nan tyè (1/3) ki pi ba a pami tout elèv ki nan nivo klas yo nan lekòl sa a.
- **Closing the Achievement Gap (Rediksyon eka pwogrè)** mezire kòman lekòl la ede elèv ki gen plis bezwen—Elèv k ap aprann lang anglè, elèv ki gen andikap, ak elèv ki te fè nòt nan tyè ki pi ba a nan egzamen eta a an 2014—amelyore nan egzamen anglè ak matematik yo.
- **City's Lowest Performing Students (Elèv ki pi mal travay nan vil la)** se elèv ki te kòmanse nan tyè (1/3) ki pi ba a pami tout elèv ki nan nivo klas yo nan lekòl sa a.
- **"...met State standards..." ("... ki satisfè nòm ofisyèl yo")** vle di elèv ki travay nan "nivo pèfòmans" of 3 oswa pi wo nan egzamen eta yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou egzamen yo, ale sou <http://schools.nyc.gov/Accountability/resources/testing/default.htm>
- **Next Level Readiness (Preparasyon pou pwochen nivo)** montre konbyen nan elèv klas 5yèm ane lekòl sa yo pou ane avan an (2013-14) pase klas matyè debaz 6yèm ane yo nan matematik, anglè, syans sosyal, ak syans (an 2014-15), nan kelkeswa lekòl presegondè oswa lekòl segondè yo te ale apre a.

Lekòl segondè




- **Progress Toward Graduation (Pwogrè pou gradyasyon)** montre kòman lekòl la te travay pou l kenbe elèv li sou wout gradyasyon lè yo pase ase klas (kredi) ak lè yo amelyore rannman yo ase pou yo pase egzamen "Regents" yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou kritè egzamen yo, ale sou <http://schools.nyc.gov/Accountability/resources/testing/default.htm>
- **Credits (Kredi)** montre pousantaj elèv ki pran 10 oswa plis kredi nan anglè, matematik, syans, ak syans sosyal—kou yo bezwen pou yo gradye nan lekòl segondè yo.
- **Regents (Regents)** evalye kòman lekòl la ede elèv avèk diferan pwen depa (nan egzamen klas 8yèm ane) pou pase egzamen Regents yo. Lekòl resevwa plis kredi lè elèv yo pase plis egzamen Regents ke yo te atann pou elèv avèk menm pwe depa a.
- **College and Career Readiness (Preparasyon pou kolèj ak karyè)** montre kòman anpil elèv nan lekòl sa a pase kèk kou ak egzamen difisil; w ap wè anpil nan kou sa yo anba "Kou ak egzamen pou preparasyon pou kolèj ak karyè sou bò goch paj sa a. Seksyon sa a montre kòman anpil elèv nan lekòl sa a gradye lekòl segondè ak ale

nan kolèj oswa trening pou djòb nan espas 6 mwa gradyasyon an, ak ki kolèj oswa trening pou djòb yo ale.

Tout lekòl yo

- **Starting Point and Outcomes (Pwen Depa ak Rezilta)**—tablo sa yo montre kòman plizyè elèv ki te kòmanse avèk diferan nivo pèfòmans nan egzamen ofisyèl yo ("pwen depa yo") te pèfòme nan nivo yo oswa pi wo pase nivo yo ta dwe pèfòme. Yo ka konpare pousantaj yo jwenn lan avèk nimewo ki anba "vil" ki montre rezilta pou menm ane a pou tout elèv ki nan klas sa a nan Vil Nouyòk.



- **City and District (Vil ak Distri):** ak Distri rezilta pèfòmans atravè Vil Nouyòk ak atravè Distri lekòl kominote a kote lekòl sa a ye a.
- **Comparison Group (Gwoup Konparezon)** konpoze avèk elèv lòt lekòl atravè vil la ki te sanble plis avèk elèv nan lekòl sa a, dapre rezilta egzamen yo, kondisyon andikap yo, bezwen ekonomik ak kondisyon laj yo ki twò gran pou klas la. Lè yo konpare rezilta lekòl la ak rezilta "gwoup konparezon" an sa bay enfòmasyon sou kòman lekòl la ap ede elèv li dapre kòman yo te kòmanse ak obstak yo rankontre.

Seksyon eleman estrikti a (Paj 3-4)

Klasman pou chak nan eleman Ankadreman pou Bonjan Lekòl la genyen rezilta Evalyasyon Kalite lekòl la (Paj 3), ak Sondaj Lekòl NYC (Paj 3 ak 4).

- Quality Review (Evalyasyon Kalite):** Lekòl atravè tout Vil Nouyòk resevwa vizit yon edikatè eksperimentante pandan yon jou oswa de jou; li vizite salklas yo, pale avèk paran, elèv, pwofesè ak lidè lekòl yo; li evalye kòman lekòl la ap òganize l pou ede elèv reyisi. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou <http://schools.nyc.gov/Accountability/tools/review>
- (Sondaj lekòl Vil Nouyòk) NYC School Survey:** Chak ane, tout paran, pwofesè, ak elèv nan klas 6yèm rive 12yèm ane pran Sondaj Lekòl Vil Nouyòk la. Ane pase, te gen plis pase 950,000 paran, elèv ak pwofesè Vil Nouyòk ki te bay opinyon yo sou anviwònman aprantisaj lekòl la nan sondaj la. Sondaj la mache avèk Ankadreman pou Bonjan Lekòl la, epi li kolekte enfòmasyon enpòtan osijè abilite lekòl la pou amelyore reyisit elèv lè yo mezire a ki fòs lekòl la abòde eleman sa yo dapre kominote a. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou <http://schools.nyc.gov/Accountability/tools/survey>.
- Survey Response Rate (Pousantaj repons Sondaj)**—Patisipasyon nan sondaj la varye soti nan yon lekòl ale nan yon lòt, epi pousantaj repons chak lekòl nan paj 3 ak 4 Apèsi sou Evalyasyon Lekòl la. Elèv ki nan klas Kindergarten rive 5yèm ane pa pran sondaj la, men paran yo bay paran elèv sa yo ak pwofesè klas sa yo sondaj la.
- Survey (Sondaj)** -Chif sa yo montre kòman plizyè pwofesè, paran, ak elèv reponn yon fason pozitif tout kesyon ki gen rapò avèk pati Ankadreman sa a.
- Selected Questions (Kesyon yo chwazi)**— Chif sa yo montre pousantaj pwofesè ak paran ki reponn kesyon ki sou lis yo yon fason pozitif. Genyen anpil lòt kesyon ak repons sondaj ou ka wè nan <http://schools.nyc.gov/Accountability/tools/survey>.

